

## Epatit A (epatit enfektye)

### Kisa epatit A ye?

Epatit A (ke yo te konn rele epatit enfektye) se yon maladi nan fwa ke viris epatit A a lakoz. Maladi a plizoumwenn komen, etandone yo rapòte 282 ka pami rezidan nan vil Nouyòk an 2005 (a yon to de 3.5 ka sou 100 000 moun).

### Ki moun ki ka vin genyen epatit A?

Nenpòt ki moun ka pran epatit A, men se plis timoun ki vin genyen l.

### Kijan viris epatit A ka gaye?

Viris epatit A rantre nan kò w apatide bouch ou epi li sòti nan sèl ou (poupou w). Apresa, viris la ka pase sou men moun ki enfekte a, epi konsa, li ka gaye nan kontak dirèk, oubyen si ou manje oubyen bwè yon bagay moun nan te manyen. Pafwa, li ka gaye nan dlo potab la, ki te kontaminen si l pat byen trete. Ankò, si ou fè sèks avèk yon moun ki enfekte, epi bouch ou oubyen men ou touche sèl li (poupou), ou ka pran maladi a.

### Ki sentòm ki mache avèk epatit A?

Sentòm epatit A yo se fatig (lè w santi w fatige), bouch pa bon, lafyèv epi vomisman. Gen sèten moun ki ka gen irin (pipi) ki jòn fonsè ak/oswa lajonis (po ak blan je yo ki gen yon ti koulè jòn). Pifò moun vin santi yo refè nan kèlke semenn san okenn konplikasyon. Bebe ak timoun piti yo gen tandans pou yo genyen ti sentòm leje epi yo gen mwens chans pou yo devlope lajonis pase timoun ki pi gran yo e pase adilt yo. Se pa tout moun ki enfekte ki pral gen tout sentòm sa yo.

### Aprè enfeksyon an, nan konbyen tan sentòm yo parèt?

Sentòm yo ka parèt de (2) jiska sis (6) semenn apre ou te ekspoze ak maladi a, men nòmalman yo parèt sou twa (3) jiska kat (4) semenn.

### Pandan konbyen tan yon moun enfekte ka gaye viris la?

Peryòd kontajye a kòmanse apeprè 2 semenn anvan sentòm yo parèt, e li fini 1 semenn apre moun nan devlope lajonis.

### Èske enfeksyon epatit A ki te prezante deja ka fè yon moun vin iminize ak maladi a?

Wi. Dèke yon moun vin refè de epatit A, li iminize (pwoteje) pou rès vi l e li pa kontinye pote viris epatit A a.

### Kouman èske yo dyagnostike epatit A?

Si doktè w la sispèk ke w gen epatit A, li ka mande pou fè yon analiz san pou tcheke pou antikò epatit A.

### Ki tretman ki genyen pou epatit A?

Pa gen okenn medikaman oswa antibyotik espesyal ke yo ka itilize pou trete yon moun dèke sentòm yo parèt. Jeneralman, repo nan kabann avèk entèdiksyon pou bwè alkòl oswa bweson ki gen alkòl, se tout sa ki nesèsè.

### Kisa moun kapab fè pou anpeche epatit A gaye?

Pou anpeche ke maladi a gaye pou l pase de yon moun a yon lòt, sèl bagay ki enpòtan pou anpeche enfeksyon se pou lave men w avèk savon ak dlo apre w fin ale nan twalèt oswa apre w fin chanje kouchèt. Evite fè sèks ki ka mande pou w ekspoze men w oswa bouch ou nan sèl (poupou), pa egzanp, sèks nan twou dèyè oswa kontak oral nan twou dèyè. Yo rekòmande yon medikaman ki rele gamma globilin pou moun ki viv avèk e/oswa ki gen kontak pèsònèl avèk yon pasyan ki gen epatit A egi, pou anpeche enfeksyon. Si w ap vwayaje nan yon peyi kote epatit A se yon maladi ki komen, itilize dlo nan boutèy oswa bouyi dlo tiyo a anvan w sèvi ak li. Pou pwoteksyon alontèm, yo rekòmande vaksinasyon. Vaksen epatit A a disponib depi 1995.

### Kilès ki pou pran nouvo vaksen epatit A a?

Sant Ameriken pou kontwòl ak prevansyon maladi a (U.S. Centers for Disease Control and Prevention: CDC) rekòmande vaksen epatit A pou:

- Moun k ap vwayaje nan peyi ki gen anpil ka epatit A;
- Moun ki rete nan kominote ki gen anpil ka epatit A;
- Moun k ap viv kote gen epidemi epatit A;
- Tout timoun ki gen ant ennan ak dezan;
- Timoun ki gen dezan oswa ki pi gran e ki nan youn nan sitiyasyon ki make anlè yo;
- Moun k ap travay nan yon laboratwa kote y ap travay ak viris epatit A;
- Gason ki masisi oubyen ki renmen ni fi, ni gason e ki aktif seksyèlman;
- Moun ki gen maladi fwa kwonik;
- Moun k ap enjekte dwòg.

Yo ka itilize vaksen pou epatit A a tou pou ede maladi a sispann gaye lè gen yon epidemi. Byenke gen etid ki fèt sou sèten gwoup nan kèk okipasyon (tankou moun k ap sèvi manje, moun k ap travay nan lopital, moun k ap travay nan gadri, moun kap travay ak dlo sal) e ki pa montre ke moun nan okipasyon sa yo pa enfekte plis pase lòt moun, moun sa yo ka reflechi kanmenm si yon vaksen ta bon pou yo, jis pou evite maladi sa a parèt nan zòn nan.